

**AVI 90 JOU KONSÈNAN ENTANSYON  
POU VANN PRIVILÈJ FISKAL YO**

13 Septanm 2021

**ADRÈS PWOPRIYETE AN**

**KOMIN      BLÒK      TEREN**

Rejis Ministè Finans yo montre **ou dwe \$X,XXX.XX** nan taks sou byen ak/oswa lòt frè sou byen ki gen pou wè ak vil la. Frè sa yo afiche pi ba an antanke privilèj sou byen w la. Ou dwe peye epi rezoud dèt sa anvan dat **13 Desanm 2021**, oswa Vil la pral vann dèt la bay yon achte otorize. **Si dèt la vann, ou pral dwe kantite ki afiche pi ba an ak yon sichaj 5%, enterè ki monte youn sou lòt yo, ak frè administrasyon yo.**

Kantite Privilèj Taks sou Pwopriyete an:

\$X,XXX.XX (Nan dat 13 Desanm 2021)

**KANTITE TOTAL PRIVILÈJ YO:**

**\$X,XXX.XX**

**Pou anpeche yo vann byen ou an apre yo sezi li, ou dwe pran youn nan mezi ki pi ba yo anvan dat 13 Desanm 2021:**

- Peye sa w dwe yo. Gade enstriksyon sou pèman an nan paj A2 ak B1 pou plis detay.
- Antre nan yon akò sou pèman an. Gade enfòmasyon ki ann paj A4 ak B2 yo pou plis detay.
- Soumèt yon deklarasyon sitiasyon difisil. Gade nan paj A4 pou plis detay.
- Soumèt lis kontwòl kalifikasyon pou sibvansyon an nan paj B5.
- Soumèt yon sètifikasyon pwogram reparasyon ijans. Gade nan paj A4 pou plis detay.

Pou jwenn enfòmasyon nan mesaj imèl konsènan vant privilèj ak sesyon sansibilizasyon Ministè Finans lan, ale sou [nyc.gov/liensale](http://nyc.gov/liensale).

Si ou se yon sitwayen ki aje, yon veteran (oswa manm fanmi yon veteran), oswa yon moun ki gen andikap, ou kapab kalifye pou yon sibvansyon nan taks sou byen nan ane ki ap vini yo epi ou kapab anpeche yo vann dèt ou an. Si ou se yon militè aktif nan kan lame yo (oswa manm fanmi yon militè aktif nan kan lame yo), oswa si ou te resevwa ranbousman taks pou ane 2020 an, ou kapab kalifye tou pou yo kanpe vant lan pou ou. Ale jwenn plis enfòmasyon sou sa nan seksyon "Lis Kontwòl Kalifikasyon pou Sibvansyon" an nan paj B5.

**Peye jodi a byen fasil nan [nyc.gov/payonline](http://nyc.gov/payonline).**

**Tanpri tou mete kupon orijinal la ansnam ak pèman ou an.**



Kantite lajan an dwe peye anvan 13 Desanm 2021

\$X,XXX.XX

Kantite lajan ki la: \$

Komin, Blòk, ak Teren:

**Voye pèman an bay:  
Ministè Finans NYC  
P.O. Box 680  
Newark, NJ 07101-0680**

## AVI 90 JOU KONSÈNAN ENTANSYON POU VANN PRIVILÈJ FISKAL YO

PEYE ANLIY gras ak chèk elektwonik (gratis) oswa gras ak kat kredi/Debi (frè 2%) nan [nyc.gov/citypay](http://nyc.gov/citypay).

PEYE NAN TELEFÒN (taks sou byen ak frè sèlman): (212) 291- 2930

PEYE AN PÈSÒNN ak lajan kach, ak chèk ofisyèl yon bank, chèk pèsònèl, kat Kredi/Debi (2% frè), oswa depo labank nan yon sant komèsyal Ministè Finans lan (ouvè lasemèn soti nan 8:30 a.m. rive 4:30 p.m.) nan kote ki afiche pi ba yo:

Bronx .....3030 Third Avenue - 2yèm etaj

Brooklyn ..... 210 Joralemon Street - 1ye etaj

Manhattan ..... 66 John Street - 2yèm etaj

Queens ..... 144-06 94th Avenue - 1ye etaj

Staten Island .....350 St. Marks Place - 1ye etaj

### AVI ESPESYAL POU PWOPRIYETÈ YO AK/OSWA PWOPRIYETE KI NAN YON SITIYASYON FAYIT DAPRE TIT 11 NAN KÒD ETAZINI AN ("BANKRUPTCY CODE" LA)

Vant entansyonèl yon privilèj jan yo dekri li nan avi sa se pa yon mezi rekiperasyon. Moun yo pwopoze ki pral achte privilèj yo, yon sosyete jesyon ki nan Delaware ("Achtè an"), pa kapab, sof si Tribinal Fayit la otorize l, pran okenn mezi rekiperasyon sou yon privilèj pandan moman kote pwopriyetèl a ak/oswa byen an nan yon sitiyoasyon fayit ki ap fèt jan Bankruptcy Code (Kòd Fayit la) la tabli l la. ("Restrained Acts") Restrained Acts (Restriksyon) yogenyen ladan yo tou aplikasyon yon taks 5%, tout ogmantasyon sou to enterè legal yo, frè notifikasyon yo, epi nenpòt montan penalite oswa nenpòt mezi pou ranfòse respè privilèj yo atravè yon sezi oswa lòt mwayen legal san pa t gen yon dedomajman jidisyèl apwopriye anvan sa. Pou byen yo evalye ki gen yon valè \$250,000 oswa mwens, enterè sou nenpòt frè Ministè Finans lan ki vann ap ogmante nan yon to 5% chak ane, ki ap kalkile chak jou. Pou byen yo evalye ki gen yon valè \$250,000 oswa plis, enterè sou nenpòt frè Ministè Finans lan ki vann ap ogmante nan yon to 18% chak ane, ki ap kalkile chak jou. Epi tou, nenpòt peryòd tan ki kòmanse nan moman lavant Privilèj Fiskal pou Fayit la dwe faktire pandan moman pwopriyetè byen konsène an nan sitiyoasyon fayit la. Achtè an pral mete dwa li yo an rezèv, nan moman yo retire pwopriyetè an ak/oswa byen an anba pwoteksyon ki tabli nan Bankruptcy Code (Kòd Fayit) la, pou pran tout mezi legal ki apwopriye yo.

**AVI 90 JOU KONSÈNAN ENTANSYON  
POU VANN PRIVILÈJ FISKAL YO**

---

NIMEWO AVI: NON BENEFISYÈ AN 13 Septanm 2021  
KOMIN:  
BLÒK: ADRÈS PWOPRIYETE AN  
TEREN:

---

**\*\*\*\* DETAY SOU FRÈ YO \*\*\*\***

KATEGORI ACCT KÒD TAKS IDANTIFIKASYON ACCT DAT LIMIT PERYÒD LA KÒMANSE TAKS KI DWE INTERÈ

Kantite Privilèj Taks sou Pwopriyete an: \$X,XXX.XX  
KANTITE TOTAL PRIVILÈJ YO: \$X,XXX.XX

Sonje: Ou dwe peye frè sa yo anvan dat 13 Desanm 2021 an!

# KIJAN POU W ANPECHE YO VANN PRIVILÈJ PWOPRIYETE W APRE YO SEZI LI

Pou anpeche yon vann privilèj byen w lan apre yo sezi l, ou dwe pran yon ann mezi ki pi ba yo anvan dat 13 Desanm 2021.

## 1. PEYE SA W DWE YO

Gade enstriksyon sou pèman an nan paj A2 ak B1 pou plis detay.

## 2. ANTRE NAN YON AKÒ SOU PÈMAN AN

- **Opsyon 1:** Yon akò sou pèman pwogram NYC Property Tax and Interest Deferral (PT AID) la disponib pou pwopriyetè kay ki gen yon revni anyèl \$86,400 oswa mwens yo. Gen plis enfòmasyon ki disponib ann paj B2 avi sa epi nan [nyc.gov/ptaid](http://nyc.gov/ptaid).
- **Opsyon 2:** Yon akò sou pèman estanda Ministè Finans lan disponib pou tout pwopriyetè byen yo, kèlkeswa laj oswa revni yo. Gen plis enfòmasyon ki disponib ann paj B2 avi sa epi nan [nyc.gov/liensale](http://nyc.gov/liensale).
- **Opsyon 3:** Si w pa t respekte yon sou pèman taks sou byen, ou kapab kalifye pou depoze yon Demann retablisman Plan Pèman pou Sikonstans Grav yo. Tèm ak kondisyon sa yo aplikab. Gen plis enfòmasyon ki disponib nan [nyc.gov/liensale](http://nyc.gov/liensale).

## 3. SOUMÈT YON DEKLARASYON SITIYASYON DIFISIL

Ou kapab kalifye pou yo kanpe vant privilèj yo pou ou si:

- Ou se pwopriyetè byen an;
- Pwopriyete ou an gen dis oswa mwens inite rezidansyèl;
- Ou nan yon sitiyaasyon difikilte finansyè epi ou pa kapab peye fakti taks ou an; epi
- Ou sibi yon pèt enpòtan nan revni pou fwaye an pandna pandemi COVID-19 la.

Aprann plis epi soumèt deklarasyon ou an nan [nyc.gov/liensale](http://nyc.gov/liensale).

## 4. SOUMÈT YON SÈTIFIKASYON REPARASYON IJANS

Ou kapab kalifye pou yo kanpe vant privilèj yo pou ou si ou dwe frè pou reparasyon ijans sèlman. Byen an dwe yon byen premye kategori fiskal ki reprezante rezidans prensipal pwopriyetè byen an. Aprann plis epi soumèt sètifikasyon ou an nan [nyc.gov/liensale](http://nyc.gov/liensale).

## 5. APLIKE POU YON SIBVANSYON NAN TAKS SOU BYEN

Kèk sibvansyon nan taks sou byen kapab anpeche yo vann privilèj ou yo. Si ou panse ou kapab kalifye, sranpli epi soumèt lis kontwòl kalifikasyon pou sibvansyon an nan paj B5 avi sa a. Pou jwenn enfòmasyon nan mesaj imèl konsènan vant privilèj ak sesyon sansibilizasyon Ministè Finans lan, ale sou [nyc.gov/liensale](http://nyc.gov/liensale).

## KISA YON VANT PRIVILÈJ YE?

Yon privilèj se yon reklamasyon legal kont yon byen imobilye pou taks sou byen oswa lòt frè sou byen yo, tankou enterè ou dwe sou taks ak frè yo.

Vant lan ap transfere tout privilèj ki pa peye yo bay yon achte otorize. Sa pa vle di yo vann byen an, men si taks ak/oswa frè yo pa peye oswa rezoud, nouvo detantè privilèj yo kapab kòmanse yon pwosesis sezi nan tribinal.

## KISA AVI SA SIYIFI?

Sa vle di rejis Vil la montre ou dwe:

- Ministè Finans lan (Department of Finance, DOF) lan Taks sou byen ak enterè ki monte yo, epi/oswa
- Frè Pwogram Reparasyon Ijans (Emergency Repair Program, ERP) oswa frè Pwogram Ranfòsman Altènatif (Alternative Enforcement Program, AEP) ak enterè ki monte, ki te evalye nan Depatman Prezèvasyon Lojman ak Devlopman (Department of Housing Preservation and Development, HPD), epi DOF te faktire.

## KISA OU BEZWEN FÈ?

Pou anpeche yo vann yon privilèj sou byen w, ou dwe peye dèt ou anvan dat **13 Desanm 2021**. Ou kapab peye tout kantite ou dwe an, konkli yon akò sou pèman oswa mete yon akò sou pèman ki an reta ajou. Si ou soumèt yon pèman atravè chèk epi chèk ou an pa gen pwovizyon, ou kapab resevwa avi adisyonèl epi byen ou an kapab antre ann kad vant privilèj ki afiche nan avi sa oswa nna youn ki ap vini apre sa.

Ale gade nan pati anba paj sa pou jwenn enstriksyon sou pèman.

## ÈSKE NENPÒT MOUN KAPAB ACHTE PRIVILÈJ?

Vil la vann privilèj bay achte otorize sèlman, pa bay piblik jeneral la. Tanpri pa kontakte nou pou koze achte privilèj.

## KÒMAN POU PEYE

Tout pèman dwe fèt anvan dat **13 Desanm 2021**.

### TAKS SOU BYEN AK CHAJ KI LYE AK YO

**PEYE ANLIY** gras ak transfè fon elektwonik, chèk elektwonik, oswa kat Kredi/Debi. Yon frè 2% ap aplike sou pèman ki fèt nan kat Kredi/Debi yo. Pou peye, vizite sitwèb DOF la nan [nyc.gov/payonline](http://nyc.gov/payonline).

**PEYE ATRAVÈ LAPÒS 3 Desanm 2021.** Fè chèk ou oswa peye lajan an nan non Ministè Finans NYC an. Ekri komin, blòk ak nimewo teren kote byen imobilye an ye (ou kapab jwenn yo nan pati anlè adwat premye paj avi sa) nan li pou nòt yo. Epi tou, fè konnen si pèman an se pou frè espesifik tankou ERP oswa AEP. Poste pou:

**Ministè Finans NYC**  
**P.O. Box 680**  
**Newark, NJ 07101-0680**

**PEYE AN PÈSÒNN** - Biwo DOF ki afiche nan paj B2 yo aksepte lajan kach, chèk ofisyèl labank yo, chèk pèsònèl, kat Kredi/Debi (2% frè), ak transfè labank yo. Pou pèman ki fèt **apre 3 Desanm 2021** yo, nou rekòmande ou itilize yon chèk ofisyèl labank oswa transfè lajan pou asire yon trete pèman an atan epi pou anpeche yo vann privilèj la(yo). Ou pa oblije peye nan komin kote byen imobilye an ye.

Avi sa a disponib dapre demann nan lang **Arab, Bengali, Chinwa, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Ris, Panyòl, ak Oudou.**  
**Rele 311.**

# AKÒ SOU PÈMAN

**Ou kapab anpeche yo vann privilèj sou byen ou yo pandan ou ap siyen akò sou pèman anvan dat 13 Septanm 2021.** Ou kapab kalifye pou youn nan akò sou pèman ki pi ba yo.

## Akò sou Pèman Taks sou Byen ak Reta sou Enterè (Property Tax and Interest Deferral, PT AID)

Ou kapab kalifye pou yon plan pèman PT AID si ou se pwopriyete yon kay oswa edifis ki gen kapasite pou pran youn, de oswa 3 fanmi; byen imobilye an te reprezante rezidans prensipal ou pandan youn oswa plizyè lane; ou ap fè \$86,400 oswa mwens chak ane; epi ou te anreta, oswa gen risk pou anreta pou pèman taks sou byen w yo.

Si ou se yon moun ki aje (65 lane oswa plis), ou kapab aplike pou yon plan ki ap pèmèt ou repòte pèman an taks al frè ou poko peye yo, swa sa fèt nèt (se patrimwàn ou ki ap peye yo) oswa pou yon peryòd tan espesifik. Si ou pa yon moun ki aje, ou kapab aplike pou plan pèman fiks ki baze sou revni an oswa plan sou sikonstans grav ki baze sou revni an. Nan kèlkeswa ka an, ou pa pral gen pou w peye plis pase 8% nan revni ou chak mwa oswa trimès.

Pou aplike nan yon akò sou pèman PT AID, telechaje epi ranpli aplikasyon an nan [nyc.gov/ptaid](http://nyc.gov/ptaid), oswa rele 311 pou plis asistans.

## Akò sou Pèman Estanda Ministè Finans lan

Yon akò sou pèman estanda disponib pou tout pwopriyete byen yo, kèlkeswa laj oswa revni yo. Yo ankouraje w fè yon pèman inisyal, men ki pa obligatwa, epi ou kapab chwazi pou yo faktire w chak mwa oswa chak trimès. Akò w la kapab dire ant youn oswa 10 lane. Ou dwe fè pèman ou yo jan sa ye nan akò an, epi ou dwe peye nouvo taks ak frè anvan dat limit yo.

Pou aplike nan yon akò sou pèman estanda DOF, telechaje epi ranpli aplikasyon an nan [nyc.gov/liensale](http://nyc.gov/liensale), oswa rele 311 pou plis asistans.

## **Pou Pwopriyete Byen ki nan Akò sou Pèman yo**

Si ou te resevwa yon avi avètisman pou vant privilèj ane 2021 an epi yon akò sou pèman ki siyen, ou resevwa avi sa pou tèt akò ou an pa ajou (pèman ki obligatwa yo pa t fèt pandan sis oswa aplis mwa). Ou gen jiska 13 Desanm 2021 pou mete akò an ajou. Ou sèlman kapab antre nan youn nouvo akò sou pèman si ou kalifye pou sikonstans ki grav yo oswa asi ou peye 20% pèman inisyal pou tout frè, enterè ak depans ou te dwe yo.

Si ou gen oswa te genyen yon akò sou pèman ak Ministè Finans lan anvan ou te resevwa avi pou vant privilèj ane 2021 an, ou ap resevwa avi sa paske rejis DOF oswa DEP yo montre pèman obligatwa yo pa ajou. Si ou bezwen mete pèman ou yo ajou oswa si ou kwè ou te fè pèman obligatwa yo, tanpri kontakte DOF oswa DEP Si ou ta swete kreye yon nouvo plan pèman, ale gad enan enstriksyon ki pi wo yo.

# ASISTANS POU KLIYAN YO

## ➤ POU TAKS SOU BYEN YO

Anliy: [nyc.gov/liensale](http://nyc.gov/liensale)  
Imèl: [taxlien@finance.nyc.gov](mailto:taxlien@finance.nyc.gov)  
Telefòn: **212-440-5407/5408** - Jou Semèn yo 9 a.m. - 5 p.m.  
Medyatè Prensipal: **212-291-5408** - Jou Semèn yo 9 a.m. - 5 p.m.  
An pèsòn: Nan Sant Komèsyal DOF yo  
Tout frè yo kapab peye la.  
Jou Semèn yo 08:30 a.m. - 4:30 p.m.

Bronx ..... 3030 Third Avenue - 2yèm etaj  
Brooklyn ..... 210 Joralemon Street - 1ye etaj  
Manhattan ..... 66 John Street - 2yèm etaj  
Queens ..... 144-06 94th Avenue - 1ye etaj  
Staten Island ..... 350 St. Marks Place - 1ye etaj

## ➤ POU REPARASYON IJANS AK FRÈ EGZEKISYON ALTÈNATIF

Anliy: [nyc.gov/liensale](http://nyc.gov/liensale)  
Telefòn: **212-863-5408** - Jou Semèn yo 9 a.m. - 4 p.m.  
Imèl: [hpdcrp@hpd.nyc.gov](mailto:hpdcrp@hpd.nyc.gov)

# KILÈ VIL LA KAPAB VANN YON PRIVILÈJ SOU YON BYEN

Sa depan kategori byen an, kapab gen jiska kat kondisyon ki kapab fè byen w lan kalifye pou vant lan. Itilize tablo sa pou konprann règ ki aplike sou byen ou yo. Si dènye kolòn lan di "WI" li Nòt 2 an pou wè kijan byen ou an kapab pa kalifye pou vant lan ankò.

Kategori Byen	Dèt Taks sou Byen		Dèt AEP *		Dèt ERP *		Kapab Anile.
	Kantite Minimòm	Ane Aryere	Kantite Minimòm	Ane Aryere	Kantite Minimòm	Ane Aryere	
1 Fanmi - Pwopriyete an Ladan I	\$5,000	3	Pa disponib	Pa disponib	Pa disponib	Pa disponib	WI
1 Fanmi -- Pwopriyete an Pa Ladan I	\$5,000	3	Pa disponib	Pa disponib	\$1,000	1	NON
2- 3 Fanmi - Pwopriyete an Ladan I	\$5,000	3	Pa disponib	Pa disponib	Pa disponib	Pa disponib	WI
2- 3 Fanmi -- Pwopriyete an Pa Ladan I	\$5,000	3	\$1,000	1	\$1,000	1	NON
Edifis Rezidansyèl pou plizyè Pwopriyete	\$5,000	3	\$1,000	1	\$1,000	1	WI
Edifis Kowoperasyon Rezidansyèl	\$5,000	3	\$1,000	1	\$1,000	1	NON
Teren Vid ki Klase Rezidansyèl	\$1,000	3	\$1,000	1	\$1,000	1	NON
Ti Magazen oswa Biwo ki gen 1 oswa 2 Apatman sou Tèt yo	\$5,000	3	\$1,000	1	\$1,000	1	WI
Edifis Sosyete Fon Devlopman pou Lojman (Housing Development Fund Corporation, HDFC) an lwe.	\$5,000	2	\$5,000	2	\$5,000	2	NON
Tout lòt yo	\$1,000	1	\$1,000	1	\$1,000	1	NON

\*Sèlman frè ki afiche nan dat oswa apre 1ye Janvyè 2006 yo kapab entegre.

**Règ Eksklizyon yo:** Nou p ap vann privilèj yo si byen ou an se yon kay ki gen kapasite pou kenbe 1 jiska 3 fanmi oswa yon edifis Rezidansyèl pou plizyè Pwopriyete, si li se yon edifis Pwopriyete an ladan I epi si ou kalifye pou youn oswa plis nan avantaj ki pi ba yo:

- Sibvansyon pou Mèt Kay Imobilye ki Aje: Mèt kay ki gen 65 lane oswa plis ki ranpli kondisyon sou revni yo.
- Sibvansyon pou Mèt Kay ki Andikape yo: Moun ki gen andikap ki ranpli kondisyon sou revni yo
- Sibvansyon pou Kèk Veteran: Si ou genyen yon sibvansyon pou veteran "Old Law", yo p ap vann privilèj ou an sèlman sei ou te achte byen imobilye an ak pèman ou resevwa antanke konpansasyon prizonye lagè nan men Gouvènman Ameriken an Tout sibvansyon pou veteran yo ki nan kategori "konba" oswa "andikap" yo pa antre nan kad vant privilèj yo. Si ou gen dout sou kategori avantaj ou an, ale sou [nyc.gov/nycproperty](http://nyc.gov/nycproperty) pou chèche byen imobilye ou an epi wè detay sou kont ou an.

Moun ki te benefisye kredi taks sou byen imobilye Eta an pou Mèt Kay yo (Kredi "Koup Sikyi" an) nan Ane Fiskal 2020 an p ap antre nan kad vant privilèj yo tou.

Pèsonèl lame ki aktif yo kapab fè demann pou yon eksklizyon nan kad vant privilèj la pandan yo ap ranpli yon fòm deklarasyon sou sèman ki disponib nan [nyc.gov/liensale](http://nyc.gov/liensale).

Si ou panse ou kalifye pou nenpòt nan sibvansyon nou yo, fòm aplikasyon nou yo disponib sou sitwèb nou an: [nyc.gov/taxreductionprograms](http://nyc.gov/taxreductionprograms).

# REPONS POU KESYON YO POZE SOUVAN KONSÈNAN PWOSESIS VANT PRIVILÈJ VIL LA

## ■ KI KALITE DÈT YO VANN NAN YON VANT PRIVILÈJ?

- Taks sou Byen
- Lòt frè ak depans ki gen pou wè ak byen yo, tankou frè Pwogram Reparasyon Ijans lan ak Pwogram Egzekisyon Altènatif yo.
- Epi enterè ki monte sou nenpòt nan sa ki pi wo yo.

## ■ ÈSKE PRIVILÈJ MWEN AN KAPAB VANN MENM SI MWEN ANN PWOSESIS POU MWEN KONTESTE TAKS OSWA FRÈ AN?

Wi. Si ou nan pwosesis pou konteste valè evalye byen ou an, oswa kantite lòt frè ou yo, ou dwe peye taks ak/oswa frè yo nèt oswa natre nan yon akò sou pèman pou anpeche vant lan fèt. Si kontestasyon w lan pote bon rezilta, ou pral gen responsabilite pou ranbouse nenpòt pèman ou te fè anplis.

## ■ KISA KI RIVE APRE YO VANN YON PRIVILÈJ?

Nan yon espas 90 jou apre yon dat vant privilèj, Vil la ap enfòmè tout mèt kay yo atravè yon imèl konsènan:

- Tèm ak kondisyon yo te vann privilèj lan te vann anba yo
- Non ak adrès nouvo detantè privilèj la
- Non reprezantan otorize detantè an pwopriyete byen an dwe kontakte a Reprezantan an pral kontakte pwopriyete byen an atravè lapòs pou pale sou modalite pèman yo.

Lè Vil New York la faktire byen ou an pou nouvo taks ak frè, ou dwekontinye peye yo bay Vil la.

*Pwopriyete byen yo pa dwe nan biznis, oswa fè pèman bay, nenpòt moun ki pa nouvo detantè privilèj lan oswa reprezantan otorize yon site non li nan lè Vil la voye an.*

## ■ KI FRÈ ADISYONÈL KI AP GENYEN APRE VANT LAN FIN FÈT LA?

Lè yon privilèj fin vann, pwopriyete byen an ap vin dwe taks, frè, ak enterè ki monte ki te entegre nan vant privilèj la bay nouvo detantè privilèj la, men pa Vil la. Kantite ki dwe an ap ogmante lè yo vann privilèj la. Detantè privilèj la gen responsabilite pou faktire:

- Yon sichaj 5% sou tout kantite privilèj la
- Enterè, ki kalkile chak jou epi ki kapab peye de fwa nan ane an. Pou byen ki gen yon valè \$250,000 oswa mwens, enterè sou nenpòt frè ki vann ap ogmante nan yon to 5% chak ane, ki ap kalkile chak jou. Pou byen yo evalye ki gen yon valè \$250,000 oswa plis, enterè sou nenpòt frè Ministè Finans lan ki vann ap ogmante nan yon to 18% chak ane, ki ap kalkile chak jou.
- Depans administratif ki asosye ak vant privilèj la, tankou yon estimasyon \$300 pou kouvri depans nenpòt piblisite ak avi.

## ■ ÈSKE NOUVO DETANTÈ PRIVILÈJ LA KAPAB VANN BYEN MWEN AN?

Wi, nouvo detantè privilèj la kapab vann byen ou an, men pa nan premye tan yo. Pwosesis sezi an kapab kòmanse nan yon espas yon lane apre dat vant privilèj la si ou pa t peye privilèj la nèt oswa ate antre nan yon akò sou pèman ak nouvo detantè privilèj la. Sepandan, detantè privilèj la kapab kòmanse pwosesis sezi an anvan yon lane apre dat vant privilèj la si:

- Pèman enterè semi anyèl la pa peye nan yon espas 30 jou apre dat limit pèman an; oswa
- Taks ak frè aktyèl yo rete san peye pandan sis mwa anvan privilèj la peye nèt.

## BAZ JURIDIK POU VANT PRIVILÈJ YO

Vant privilèj fiskal pou reta pwolonje sou pèman kantite ki dwe sou byen an enskri nan seksyon 11-319 Kòd Administratif New York City an. Lwa an egzije Ministè Finans lan voye avi yo 90, 60, 30 ak 10 jou anvan dat vant privilèj yo, epi pou voye yon Avi Privilèj ki Vann 90 jou apre disponibilite sètifika vant privilèj fiskal la.



# LIS KONTWÒL KALIFIKASYON POU SIBVANSYON

## Enstriksyon

1. Tanpri ranpli lis kontwòl ki pi ba an pou wè si ou kalifye pou yon sibvansyon pou taks sou byen ki kapab anile vant privilèj sou byen ou an.
2. Si nou panse ou kapab kalifye pou yon sibvansyon pou granmoun aje, mèt kay ki andikape oswa veteran oswa satisfè egzijans kredi "Koup Sikyi" an oswa egzijans militè aktif nan kan lame yo, nou pral voye yon aplikasyon pou ou lè ou resevwa lis kontwòl sa.
3. Ou dwe ranpli aplikasyon sibvansyon sa nan objektif pou yo deside retire w nan vant privilèj yo.  
**Lis kontwòl sa pa yon aplikasyon pou sibvansyon.**

## Seksyon A:

Lè m tcheke kazye sa yo, mwen sètifye:

- Byen imobilye mwen an se yon kay ki gen kapasite pou 1 jiska 3 fanmi osw ayon edifis Rezidansyèl pou plizyè Pwopriyetè.
- Mwen se pwopriyetè legal byen imobilye mwen an epi mwen itilize li antanke residans prensipal mwen.

## Seksyon B:

Epi tou mwen sètifye (tcheke tout repons ki aplike yo):

- Tout pwopriyetè yo ap gen 65 lane osw aplis anvan dat 31 Desanm 2021, epi total revni asosye pou tout pwopriyetè yo se \$58,399 oswa mwens. (Si pwopriyetè yo se moun ki marye oswa fanmi, sèlman youn nan yo oblije genyen 65 lane oswa plis.)
- Tout pwopriyetè yo resevwa avantaj pou moun andikape epi total revni asosye pou tout pwopriyetè yo se \$58,399 oswa mwens. (Si pwopriyetè yo se moun ki marye oswa fanmi, sèlman youn nan yo dwe gen yon andikap.)
- Youn oswa plis nan pwopriyetè yo fè pati pèsonèl militè ki aktif nan kan lame yo.
- Youn oswa plis nan pwopriyetè yo se yon veteran (oswa konjwen / madanm oswa mari yon veteran ki mouri) oswa yon paran Gold Star.
- Mwen resevwa yon Kredi pou Taks sou Byen Eta New York la (Kredi "Koup Sikyi an) pou ane fiskal 2020 an.

## Seksyon C

1. NON PWOPRIYETÈ AN : \_\_\_\_\_
2. NIMEWO TELEFÒN: ( \_\_\_\_\_ ) \_\_\_\_\_ ■ \_\_\_\_\_
3. ADRÈS RI AN \_\_\_\_\_
4. VIL: \_\_\_\_\_
5. ETA: \_\_\_\_\_ 6. KÒD POSTAL: \_\_\_\_\_
7. KOMIN: \_\_\_\_\_ 1 \_\_\_\_\_ BLÒK: \_\_\_\_\_ 1111 \_\_\_\_\_ TEREN: \_\_\_\_\_ 1111
8. ADRÈS IMÈL: \_\_\_\_\_

Voye fòm sa atravè lapòs bay: **NYC Department of Finance, Lien Enforcement Unit, 66 John St, 3rd Floor, New York, NY 10038.**

Si ou ta va kalifye pou yon sibvansyon pou taks sou byen, nou pral voye yon aplikasyon pou sibvansyon pou ou kapab aplike pou yon sibvansyon ki pral anile vant privilèj ou sou byen ou an.



**Si ou pa pran mezi, yo kapab vann dwa pou rekipere sa ou dwe Vil la bay yon ajans rekiperasyon prive.**

Dosye sa gen enfòmasyon enpòtan.

## Kisa sa ye?

Sa se yon avi ki fè konnen ou dwe Vil la taks sou byen ak/oswa lòt frè sou byen ou yo.

## Kisa mwen dwe fè?

Ou dwe peye sa ou dwe yo anvan **13 Desanm 2021**.

Ou kapab peye kounyea OSWA tabli yon plan pèman alontèm. Plizyè milye moun tabli plan pèman ki mache pou yo nan peye sa yo te dwe.

## OPSYON A: Peye kounyea:

	TAKS SOU BYEN
Peye an pèsòn anvan dat 13 Desanm 2021	Gade nan paj B2 pou konnen adrès yo
Peye Anliy anvan dat 13 Desanm 2021	<a href="http://nyc.gov/liensale">nyc.gov/liensale</a>
Peye nan telefòn anvan dat 13 Desanm 2021	212-291-2930
Peye atravè lapòs anvan 3 Desanm 2021	NYC Department of Finance P.O. Box 680 Newark, NJ 07101-0680

## OPSYON B: Si ou pa kapab peye kounyea, tabli yon plan pèman:

### Taks sou Byen:

- Etap 1:** Telechaje Demann Akò sou Pèman pou Taks sou Byen yo [nyc.gov/dofpaymentplan](http://nyc.gov/dofpaymentplan).
- Etap 2:** Enprime epi ranpli fòm demann lan.
- Etap 3:** Soumèt aplikasyon w lan ak dokiman prèv yo nan nenpòt sant komèsyal DOF. (Gade nan p.B2 pou konnen adrès yo.)

## OPSYON C: Soumèt yon Deklarasyon Difikilte COVID-19.

Gade nan paj A4 pou plis detay.

## Ou gen kesyon?



Rele nou nan: 212-440-5408 (taks sou byen)

Ale sou sitwèb nou an: [nyc.gov/finance](http://nyc.gov/finance)